ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЫДОКІ

№217 (22.875) ● 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 31, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Гъущі гъуэгухэр къалэм дахынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ «Урысейм и гъущі гъуэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІуихам и къудамэм и дирекцэм и унафэщі Абрамов Сергейрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылащ Налшык къалэм дэт гъущі гъуэгухэр дэхьныш теухуауэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыувэрэ ялэу Іэ зыщІидза зэгурыІуэныгъэм теухуауэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ аер куэд щІауэ зэфІагъэкІын хуеи Іуэхуу къызэрилъытэр.

- 1949 гъэм ауха гъущі гъуэгур зэрагъэзэхуэжурэ къоКІуэкІ илъэс куэд лъандэрэ, ауэ а пІалъэм ялъытыгъуэ куэдым захъуэжащ, а Іэнатіэм екъэлІауэ Іэмал зэхуэмыдэжэр къагупсысащи, аэри къэлъытапхъэщ. Налшык екъэлІауэ жыпІэмэ, гъущі гъуэгу километр 14-р къалэм и кум пхыкІыу жыпІэ хъунущ, абы гугъусыгъу ещі ди щІыхуэжи я Іуэхур. Гъущі гъуэгу зэпрыкІыпІэхэм деж щІыхуэжи махуэ къэс сыхьэтитІым нэблагъэ щафІокІуэд. Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр куэд мэхъури, ди гугъэщ аэрри дгъэзэкІуэжыну. Къалэбгъум деж щІы нэщІхэр щыІэщи, аэр апхуэдэ мурадкІэ къэбгъэсэбэныну къозэгъ. Ди щІыхуэжи я ГъащІэр Іэмал зэрИэкІэ шыгъуэншэу къызэдгъэпэщын хуейщ. Апхуэдэуи, Кавказ Ищхьэрэм и зыгъэпсэхупІэхэм зэрызрагъэжьыжьи къыхьыжьи, дэ къытхуеблэгъэну зыгъэпсэхуакІуэхэмрэ хьэщІэхэмрэ куэдкІэ нэхъыбэ хъунущ. ИпэкІэ дыпІлъэу дыпсэуным, лъэныкъуэ дсорикъыззщІэдубыдэуедгъэфІэкІуэным къыхьыдищ.

Абрамов Сергей къыщыпсалъэм ди республикэм и Іэтащхьэр зэрыхахам папщІэ абы ис псоми екъуэхури, КЪБР-м и щІыхуэжи я псэукІэр егъэфІэкІуэным КІуэкІуэ Юрий зэрытелажьэм зэращІылІа зэгурыІуэныгъэр зэрищІихьэтыр жиІащ. Зэман гъунэгъум абыхэм я мурадщ, лэжьакІуэ гуп къызэрагъэпэщу зэгурыІуэныгъэм щыубзыхуахэр зэрагъэззэщІэну щІыкІэм теухуа унафэкэр къащтэну. Илъэсым и кІэ пщІондэ проектыр хьэзыр зэращІынури жиІащ Абрамовым.

ИНЭРОКЪУЭ Дисэ.

Ди республикэр мамырыгъэм и щІыналъэу къалъытащ

Дыгъуасэ Налшык щекІуэкІащ «Дин пэжкэр: зышыІэныгъэмрэ мамыру зэдзпэсуныгъэмрэ къыхуедджан» дунейпсо конференц щхьэпэ. Ар я жэрдэмт КЪБР-м и мусылъмэнхэм я зэгухьэныгъэм, Мусылъмэн щІэныгъэлІхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм, Ислъам щэнхабзэр, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ дэІыгъыныкІэ фондым.

КОНФЕРЕНЦЫМ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Мусылъмэн щІэныгъэлІхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, шейх Алий Мухи ад-Дин аль-Карадаги (Катар), Мусылъмэн щІэныгъэлІхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и исполкомым хэт, шейх Абд ар-Рахман бен Абдаллах аль-Махмуд, шейх, дохутыр Халед Мазкур аль-Мазкур, Кавказ Ищхьэрэм и дин лэжьакІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм Іуэху куэдым щытепсэльыхьащ. Абыхэм ящыщу дин лэжьакІуэхэм къагъэлъэгъуащ «Ислъам къэралыгъэкІэ» зэджэ зэгухьэныгъэм и Іуэхущафэхэм зэреплъ щыкІэри. Къэбэрдей-Балъкъэрыр мамырыгъэм и щІыналъэу къэлъытэным и проектыр къызэхуэсахэм къызэдащтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэблэгъащ Азербайджан Республикэм къикІауэ дунейпсо щІэныгъэ конференцым хэт дин лэжьакІуэхэр.

КАВКАЗЫМ и Мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эм и тхьэмадэ, делегацэм и унафэщІ шейх Пашазаде Аллахшукюр республикэм и Іэтащхьэм гуапэу къызэригъэблэгъам папщІэ фІыщІэ къыхущащ икІи ар КЪБР-м и унафэщІу зэрыхахамкІэ къеХуэхуауащ:

- Шэч хьыгъэхьэрыкъым уи лэжьыгъэр зэрыщыту Кавказыр ефІэкІуэным хуэунэтІауэ зэрыщытыным. Иджыпсту ди хъурейгъкІэ къекІуэкІхэм, ислъамыр терроризмэм зегъэубгъуным хуэгъэзауэ къызэрагъэсэбэным, Къухьэпі э къэралхэм ислъамыр экстремист зэгухьэныгъэхэм ящыщу, ар экстремизмэр зи лъабжьэ дину къызэралъытэм, ислъамым и бэракъыр къагъэсэбэпурэ цІыху хейхэр зэрауКІым къегъэлъагъуэ ди зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэн, сытым дежи дызэрыІыгъын зэрыхуейр. СССР-р зэтекъута нэужь къэралыщІэхэр къэунэхуауэ, ауэ гурыщІэ къабзэкІэ зэпыщІа лъэпкъхэр зэкІэщІэпч хъунукъым. Сэ си дуней еплъыкІэр зэхьэлІар Урысейрщ. Ауэ Урысейм ис мусылъмэнхэм я мызакъуэу, чристэнхэри, нэгъуэщІ динхэм итхэри си плъапІэщ. Сыпсэуху сэ апхуэдэ Іуэху еплъыкІэм сытекІыну къыщІэкІынкъым. Урысейм и екъулІэныгъэхэм сыт щыгъуи сыщогуфыкІ, абы и политикэр дызоІыгъ.

Дин лэжьакІуэхэм я унафэщІыр Азербайджаным и Президент Алиев Ильхам и цІэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэм я Іуэхур ефІэкІуэну къехьэхъуащ икІи КІуэкІуэ Юрий Баку щыхьэщІэну иригъэблэгъащ.

Азербайджанми и Президентым фІыщІэ хуищІри, КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ Налшык щызэхьэха дин зэІущІэшхэм Азербайджаным и ЛыкІуэхэр зэрыхэтыр абы къыщІэтэ Іуэхушхэхэр кууэ зэпкрыхьныжьмкІэ сэбэп зэрыхъунур. Азербайджанымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ куэд щІауэ Іуэху дахэхэм зэпащІэ, къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий, икІи а зэпыщІэныгъэхэр нэхъри дгъэбыдэну, абыхэм зедгъэубгъуну ди къалэнщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм.

Гурыщі э къабзэкІэ зэпыщІа лъэпкъхэр зэкІэщІэпч хъунукъым

● КЪБР-м и Парламентым

Къалэнхэр яубзыху

КЪБР-м и Парламентым и чэзу зэІущІэр дыгъуасэ екІуэкІащ. Абы щыхэпІащ Іуэху 30-м. ЗэІущІэр къызэІуихащ нэужь, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ къыхилъхьащ зэІущІэр зэрекІуэкІыну жыпхъэр яубзыхуну. Къагъэлъэгъуа зэхэлъыкІэм дэщІыгъуэжыпхъэхэр халъхьэжри, парламентархэр абы арэзы техъуащ.

ЯПЭУ ПСАЛЪЭ зрата, КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Іэтащхьэ **Мер Юрий** депутатхэм я пащхьэ къриІухьа Іуэхугъуитіыр даІыгъащ - Налшык судебнэ щІыналъэм и 9-нэ, 4-нэ суд участэхэм я зэзэгъэкІуэ хеящІу Будаевэ Зухрарэ Дыджэ Джульеттэрэ ягъэуващ.

Адэкіэ Дадэ МуІэедрэ Хьущт Аслъэнбэчрэ нэгъуэщІ кулыкъу зэрыпэрыувэм къыхэкІкІэ, я депутат къалэнхэр зэрыщхьэщахьым теухуауэ Іэ яІэтащ. Епліанэ зэхуэсыгъуэм къыдыхэта депутатхэм, Парламентым и Аппаратым щылажьэхэм, партым къыдыхэтахэм, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ комитетым къыщыдэлэжьахэм **Дадэ МуІэед** фІыщІэ яхуищІащ илъэси 5-м щІигъукІэ гуапэу къызэрыбгъэдэтам папщІэ, апхуэдэуи дяпэкІэ зрагъэблагъэ зэІущІэ псоми зэрыкІуэнур жиІащ. **Хьущт Аслъэнбэч** къыщыпсалъэм къыхигъащІащ лэжьыгъэм и пІалъэ къыщІэныкІэ депутату щыщыта илъэсхэм мыхьэнэшхуэ яІэу къызэрилытэр.

РегламентымкІэ, депутат этикэмкІэ, Парламентым и лэжьыгъэр къызэрэпэщынымкІэ комитетым и унафэщІым и къудамэ **Щэныбэ Хьэжысмел** къызэхуэсахэр щыгуфІэу щІащ КЪБР-м и Парламентым и комитетхэм хэтхэм ящыщхэр зэрызэрахъэкІам, апхуэдэуи ПромышленностымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ комитетым и унафэщІу Гугу Владимир, РегламентымкІэ, депутат этикэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ комитетым и унафэщІу Кансаевэ Еленэ, БюджетымкІэ, налогхэмрэ финансэмкІэ комитетым и унафэщІым и къудамэу Шаваев Ильяс сымэ хахыну къызэрагъэлъагъуэр жиІащ. А Іуэхугъуэхэм депутатхэр арэзы техъуащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал саугъэтхэм ятеухуауэ», «Іуэхущ Іапі эм и мылькъум техьэ» налогым теухуауэ», нэгъуэщІ законхэм халъхьа зэхъуэжьІынигъэхэм екъэлІа проектхэм унафэ тращІыхьащ.

КЪБР-м экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Бэждыгу Темыркъан** къызэхуэсахэм яхутепсэльыхьащ «ЩІыналъэм налог зэрыталъхьэ уухэкІэ ІэкъэщІар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыбгъэсэбэпмэ, налогыр зэрыхьунур зыхуэдизым теухуауэ» унафэм зэхъуэжьІынигъэхэмрэ дэщІыгъуэжьІынигъэхэмрэ зэрыхалъхьа хабзэм и проектыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэззэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым къызэхуэсахэр щІигъэдэІуащ КЪБР-м финансэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Мишковэ Ирин**э.

Адэкіэ парламентархэм къызэдащтащ федеральнэ закон 15-м я проектхэм къызэрагъэззэкыр, абыхэм зэхъуэжьІынигъэхэмрэ дэщІыгъуэжьІынигъэхэмрэ зэрыхалъхьэм ипкъ иткІэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ФІыщІэ псалъэ

«Тхьэм фигъэпсэу!» - жыдоІэ

КЪБР-м и унафэщІхэм, псапэхуэлажьэхэм, республикэм и цІыхухэм, гузэвэгъуэ къаззэрытехьам къыхэкІыу Сирием къиІэпхъуКІыжа адыгэжэм зыкъытщІэзыгъэкъуа псоми фІыщІэ ин яхудощі гущІэгъу яхэлъу къызэрытхуащытам икІи ди адэжь щыналъэм диззгъэжьынымкІэ къызэрыддэІэпыкъуам папщІэ.

ИДЖЫ ДЫДЭ Налшык къалэм и санаторэхэм дэ тщыщу цІыху 286-рэ щыпсэуащ. Нобэм ирихьэлІэу абыхэм папщІэ унеи лъапсэу, щы Іыхьэу 57-рэ Прохладнэ, Тэрч, Бахъсэн, Лэскэн, Май, Шэджэм, Шэрдэж, Аруан районхэм къыщащэхуащ.

Апхуэдэу Сирием къиІэпхъуКІыжа адыгэхэм къызэрыддэІэпыкъуам папщІэ хэхуэу фІыщІэ яхудощі Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм щылажьэхэм, абыхэм я унафэщІ, къэралкІуэцІ къулыкъум и полковник Лъеинщэ МуІэед сымэ. Абыхэм фІыуэ къагурыІуэ Урысей Федерацэм дызэрыщыпсэун документхэр къыщІэІытхкІэ къыттІыкъуэкІ гугъуехьхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мы зэманым цІыху 202-рэ, Къэбэрдей-Бэлъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым цІыху 35-рэ щоджэ. Студентхэм стипендиехэр кърат, ахэр общежитхэм пщІэнэзу щагъэсэщ.

2014 - 2015 гъэ яджэгъуэм Сирием кІыІэпхъуКІыжахэм я сабийхэм ящыщу курыт школхэм щыху 50-м щІигъу щІэтІысхьащ, садхэм сабий 12 макІуэ. Дэ тщыщу хуэныкъуэхэм медицинэ Іуэхутхьэзэхэр пщІэнэзу къыхуащІэ.

Бырсекъуэ Орфан, Теувэж Ридуан, Понэж Яшар, Къардэн Самир, Дыгъужь Хьэднан, Чым Нанси, Шорэ Хьэмэдэ, Уэтей Уэфа, нэгъуэщІхэри.

● Гъэтъэгъуэныгъэхэр



Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Флагъ лъагэ

Налшык и Горнэ хьэблэм щыІэ «Ищъэ-КъуэкІыпІэ» сату комплексым и гъэлъэгъуапІэ центрым махуитКІэ - жэпуэгъуэм и 29 - 30-хэм - щекІуэкІащ мэкъумэщ хозяйствэм, ерыскъым, къэкІыгъэхэм елэжь промышленностым къыщагъэсэбэп техникэм, Іэмэпсымэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ тегъэпсыхьа «АгроПромЭкспо-2014» выставкэр. КЪБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэр я дэІэпыкъуэгъуэ ар къыззрагъэпэщащ. Мэзкуу щылажьэ «АКТИВ ЭКСПО» компанием, «Урысейм и щІэгъэкъуэн» ООО-м и щІыналъэ къудамэм, республикэм и Сату-промышленнэ палатэм. Хэгъэрейхэм къадзкІуэу, выставкэм жыджэру хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ къэралым и адрей щІыпІэхэмрэ я экспонентхэр.

- Нобэ къетхьэжьа Іуэхур агропромышленнэ комплексым и Іэнатіэхэм сэбэпышхуэ яхуэхъунущ, сыту жыпІэмэ, щІым, къэкІыгъэм, ерыскъыкъэкІхэм, жылапхъэхэм зэрелажь иджырей технологэ хэпІыхьыхьэхэр димыІэу, кърахьалІэхэр зэрахъумэ Іэмал нэхъыфІхэр къэдмыгъэсэбэну ипэкІэ дыкІуэфынукъым. Мы махуэхэм предприятэ 40-м щІигъуи я Іэдакъэщэкіэхэр ягъэльэгъуэнущи, мэкъумэщ техникэ зэмыпІэужьыгъуэхэм, Іэмэпсымэхэм я ефІэкІыныгъэхэм, технологие пэрытхэм кууэ зыхэзгъэгъуэзну, проект хъэзырхэр вджыну Іэмал вгъуэтынущ, - къыхиГъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сату-промышленнэ палатэм и унафэщІ Гъукіэлі Хьэсэн выставкэр къыщыдзыІуихым.

Данэ лентІ плъыжьыр зэпаупщІа нэужь, щхьэж и увыпІэр зригъэзгъэтыжри, лэжьэн щІадзащ. Хуахха махуитІым къырибудэу выставкэм щагъэува Іэмэпсымэхэм, техникэ зэмыпІэужьыгъуэхэм, пхъэщхьэмыщхьэр зыхуэдэм зэхэщІэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ дихьэхыу еплъащ. Къапщтэмэ, Воронеж къалэм щылажьэ «Полымя» ООО-м и лІыкІуэхэм къыздащат гуэдз, хьэ, нартыху, рапс, сэхуран, илъэс куэдкІэ къэкІ удэхэм я жылэхэр щагъэгъуащ техникэ лІэужьыгъуитІ. БгъэІэпхъуэну, зепхъэну зэрытыншым, гъэсыныпхъэхэр зэрыхъуэжьыгъуафэм, гъущапІэми щыІыбми зэхуэдэу къыззэрыщагъэсэбэпым, лэжьыгъэ псори евыхэм зэрызэфІагъэкІыжым куэдыр кІэлъыплъащ. «Алмазсельмаш» ООО-м и зэфІэкІым нэрылъагъуу хохьэ. Компаниием къыщыгупсыса «Алмаз» машинэ лІэужьыгъуихэм мы зэманым щІэупщІэшхуэ яІэщ. Абыхэмкіэ жылапхъэхэр ягъэкъабзэ, зэпадз, я фІагъкІэ зэхадз, зэпльэкъэгъуэхэр зэхагъэщхьэхукІ, ягъэгъуащ. «Алмазсельмаш» ООО-м и дэлэлу Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм щыІэ «Агрокедр производствэ-коммерцэ предприятэ» компанием и лІыкІуэхэм а машинэхэм я ефІэкІыныгъэр, я къэхъэсэбэныкІэр, я зэхэлъыкІэр ягъэльэгъуащ, къэзыщэхуну, зыгъэувыну хуейхэм зэпсэльэныгъэхэр драгъэкІуэкІащ.

(КІэуухыр 2-нэ нап.).

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр»

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 2 - 5-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ.



ФЕСТИВАЛЫМ хэтынущ Мысырым, Израильм, Индием, Ираным, Иорданием, Италием, Тыркум, Франджым, Белоруссием я Іуэрыіуатэхэм щыгъуазэ дызыщІыну гупэжр.

Щэкіуэгъуэм и 2-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м Налшык и Музыкэ къэрал театрым фестивалыр къыщызэІуахынущ.

Щэкіуэгъуэм и 3-м Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ КъБКЪУ-м махуэшхуэ концерт щатынущ фестивалым и хьэщІэхэмрэ университетым и творческэ гупхэмрэ. Пщыхьэщхьэм фестивалым и хьэщІэхэр хэтынущ Лъэпкъ, Сурэтыщі гъуазджэхэмкІэ музейхэм щекІуэкІыну «Гъуазджэм хухаха жэщ» урысейпсо Іуэхум.

Щэкіуэгъуэм и 4-м фестивалым хэтхэм Гъуазджэм щаІэ зэфІэкІхэр щагъэлъэгъуэнущ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ. Щыналъэхэм зэныбжьэгъуГъэм и концертхэр щатынущ.

Щэкіуэгъуэм и 5-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щІидзэнурэ фестивалым хэтахэм концерт ятынущ икІи зэхьхьэшхуэр зэхуащІыжынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ фыдогъэблагъэ дунейм и лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я къафэхэм я дахагъэм, щхьэхуэгъэнымрэ фыкІэлъыплъынущ.

Ущщэ зиІэхэр мы телефонымкІэ фыспалъэ хъунущ: 40-31-49.

Зэпеуэм фыхэтыну фыкъыдогъэблагъэ

Тхьэм и нэфІ! зыщыхуэн ди лъэпкъэгъу лъапІэхэ!

Уэзрыыпсалъэ бзэм уригупсысэ бзэр щымыІэ пэлъытэщ - араща, бзэм уэзрыхущытым елъытащ лъэпкъым пщэдейм щиубыдыну увыпІэр. ЖЬабзэр фащэмэ, тхыбзэр Іэщэщ, а тІур зэпэІэщІэ хъумэ, зэмыгъусэу щытмэ, бзэм ихьын щыІэкъым. Ар гъащІэм кьыхьа зы пэжщи, жьабзэри тхыбзэри зэдгъэкІун хуейщ; щІэблэм анэдэлъхубзэр ищІэнымкІэ мыкъутэж шэсыпІэ дыщцивэфынур абдежщ. Адыгэбзэ псэльэкІэмрэ тхыгъэмрэ щызэпльэсэкІэ, щызэльэщІыхьэкІэ, бзэм иджыри ущыгугъ мэхъу, щІэблэри абы хуэшэрыуэу къызэрытэджынумкІэ фІэщхъунырэ уогъуэт...

ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къызэригъэпэщ «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» зи фІэщыгъэ тхыгъэ зэпеуэри абы теухуащ. 9 - 11-нэ классхэм щІэс еджакІуэхэр мы зэхьэзэхуэм хэтыну, анэдэлъхубзэр зэращІри, я гупсысэр тхыгъэм зэрыраГъэзэгъэфыр, адыгэ тхыбзэ хабзэхэм зэрыщыгъуазэр къагъэльэгъуэну ди гуапэу къыдогъэблагъэ.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлІэну ныбжьыщІэхэм я пащхьэ итлъхьэнущ зытеухуаря къаІуэтэкІэ зэмыщъ псалъэ гуп. ЕджакІуэм и гупыжкІэ къыхихьа зы пэжщи, жьабзэри тхыбзэри зэдгъэкІун хуейщ; щІэблэм анэдэлъхубзэр ищІэнымкІэ мыкъутэж шэсыпІэ дыщцивэфынур абдежщ. Адыгэбзэ псэльэкІэмрэ тхыгъэмрэ щызэпльэсэкІэ, щызэльэщІыхьэкІэ, бзэм иджыри ущыгугъ мэхъу, щІэблэри абы хуэшэрыуэу къызэрытэджынумкІэ фІэщхъунырэ уогъуэт...

Дэтхэнэ зы классми ялэ, етІуанэ, ещанэ уэвыпІэхэр щагъуэнынущ. Тхыгъэ нэхъыфІ дыдэхэр зи Іэдакъэщ Іэкі еджакІуэхэм фІыщІэ тхьылъэ ахъшэкІэ яхуэупсэнущ. Зэхьэзэхуэм кърихьэлІа дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми и лэжьыгъэр щытхъу тхьылъкІэ къыхаГъэщынущ. Абы нэмыщІ, Адыгэбзэ Хасэм игъэува стипендиер, ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэр, 11-нэ классым щІэсхэм я зэпеуэм ялэ увыпІэр ящыщыжьыкІ еджакІуэм хигъэфощэнущ. Стипендиер гъэ еджакІуэр икІыхукІэ еджакІуэм мазэ къэс иратынущ.

Зэпеуэм хэтахэм ящыщу адыгэбзэм хуеджэну еджапІэ нэхъыщхьэ щІэтІысхьэну ныбжьыщІищми ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ стипендиер хуагъэувынущ.

Адыгэбзэ Хасэм и мурадщ зэхьэзэхуэм къыхэкІыну лэжьыгъэхэр зэхуихьэсыжу тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкІынущ.

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м зэхьэзэху «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» зэпеуэр щекІуэкІынур Налшык къалэ дэт, Мэлбахьуэ Тимбора и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэрщ.

ЩыщІидзэнур сыхьэт 14-рщ.

Къэрал гъунапкъэхэр егъэбыдэ

Польшэм и къухьапІэ гъунапкъэхэр - Литвам, Белоруссием, Украинэм егъэщІылІахэр - игъэбыдэну мурад ищІащ. И щхьэусыгъуэр - Украинэм щыІэ щытыкІэм зэригъэгузавэрщ.

Къэралым и вице-премьер икІи зыхъумэжьыныгъэмкІэ и министр Семонян Томаш зэрыжиІамкІэ, а щІыпІэм щыІэ дзэхэр ягъэльэгъуныщ сыт и лъэныкъуэкІи.

«Сэ сыхуейщ ди къэралым и къуэкІыпІэ щІыналъэм щыІэ базищыр сыткІи зэгъэпэщауэ щытыну. Ахэр зыхуей-зыхуэфІхэм я процент 90-кІэ къызэгъэпэщныр 2017 гъэм нэсыху тхуэзгъэхъулІэну догупэ. Псалъэм папщІэ, Сельдце щыпІэм деж иджыпсту къулыкъу щызыщІэр сэлэт щищщ, ауэ а бжыгъэр сэлэт 800-900-м нэдгъэсыну ди мурадщ».

Дзыхь хуащІыркъым

Украинэм къыщагъэкІа хадзэкІэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр УФ-м и щІыналъэм къырагъашэркъым.

Ар къызыхэкІыр Европэм и къэралхэм я продукцэм щыщ Украинэм хэращу деж щащэу шэч зэращІарщ. МыІэрысэу, помидору, наныкъым, - жеІэ социобиолог цІэрыІуэ, Гарвард университетым и профессор Уилсон Эдвард. - Нэхъ зэгупсысыпхъэхэм ящыщщ псы, ерыскъы гъэтІылъыгъэхэр зэгъэззэхуэныр. Ди ЩІым нэхъыбэ дыдэу хуэІыгъынури хуэгъэшхэнри цІыху меларипщІым щІигъумэ...

Ахэр къыщагъэкІа щІыпІэр хъэзэгъэнаІуэ дамыгъэхэр зыщІыпІи зэрытемытри зи щыхьэтыр арауэ къалъытэ. Абы и закъуэкъым - «Росселхознадзор» Іуэхущ Іапі эм къыщІигъэщащ Украинэм краш къэкІыгъэхэм уэрыфэ зэмыпІэужьыгъэхэр япкъыгьу.

ЦІыху бжыгъэр меларипщІым щІигъумэ...

Австралием и щІэныгъэкъэхутакІуэ институт нэхъыщхьэм и Іэщ Іагъэлъэхэм къызэралъытэмкІэ, дуней къэхъуакъащІэ шынагъуэхэми, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэми, зауэ-банэхэми къызэтрагъэувыІэфынукъым цІыхухэм я бжыгъэм хэхъуэныр. Абы ипкъ иткІэ, щІэныгъэлІхэм къыхалъхьэ щІым къыдит хьугъуэфІыгъуэхэр нэхъ зэгъэззэхуэу къыгъэсэбэпыну, абы хуэунэтІа программэщІэхэр зэхалъхьэну.

Дзэрэщыгъуэззщи, иджыпсту ЩІым щопсэу цІыху меларди 7,2-рэ. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, 2100 гъэм ирихьэлІэу ди планетэм цІыху бжыгъэр меларди 10,4-м щынэблагъэнущ.

«Ди щІыуэпсым и гъэтІылъыгъэхэр дызэрызыуфэм хуэдэу куэд дыдэ хъуркъым, нэхъ щынагъуэращи, щІым «къеІыпхар» пхуеІыжыкъым, абы пхуэгъэхъуэжьыкІ, - жеІэ социобиолог цІэрыІуэ, Гарвард университетым и профессор Уилсон Эдвард. - Нэхъ зэгупсысыпхъэхэм ящыщщ псы, ерыскъы гъэтІылъыгъэхэр зэгъэззэхуэныр. Ди ЩІым нэхъыбэ дыдэу хуэІыгъынури хуэгъэшхэнри цІыху меларипщІым».

ЩІэныгъэлІхэр зыгуэркІэ щыуэнкІи хъунщ, ауэ цІыхуэхэр къэкІуэну зэманым зэремыгупсысым, къэрал куэдым ерыскъыр Іиграф зэрыщащІым и щапхъэхэр гъунэжу къыпхуэхьынущ. Апхуэдэу щытми, си ныбэ изу зышхьи зымыгъуэтхэр куэдыкІейщ.



♦СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Іэпэтэрмэш зэдзэкІакІуэм и махуэщ

♦1888 гъэм лъакъуэрыгъажэм щІалъхьэ хьэфэ щэрхьыр къагупсысащ.

♦1984 гъэм Индием и премьер-министр Ганди Индирэ ныкІащ.

♦УФ-м и къэрал лэжьакІуэ, етІуанэ рангым и хуэрал чэнджэщэгъу **Хъупсыроку Назир (Къырым-Джэрий)** къызэралъхуэр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 5 - 6 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.

Уянаев К. Хь.-М. Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр егъэзащІэ

Вэсэмахуэ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и сессиемкІэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Малкаров Аслъэн и къулыкъур щыщхьэщахащ, ар езыр зэрылъэІуам къыхэкІыу.

Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъур игъэзэщІэну и пщэ далъхьащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу щыта Уянаев Казым Хьажы-Мурат и къуэм.

Уянаев К.Хь.-М. Кьыргыз ССР-м щыщ Фрунзе къалэм 1954 гъэм къыщалъхуащ. Инженер-укунІуэ ІэщІагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызригъэгъуэтащ.

Абы ПМК-1-м и мастеру 1977 гъэм лэжьэн щидзащ. 1980-1981 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м ЦІыхухэм Іэхэутхьэбзэхэр яхуэщІэныжмкІэ и министерствэм и проект-сметэ къудамэм и унафэщІу щытащ. 2002 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэсныпхъэмрэ энергетикэмкІэ и министрым и къуэдзэу, 2004 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэу ягъуэващ. 2005-2006 гъэхэм «Къэббалъкъгаз» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорым и чэнджэщагъуэу щытащ. 2006-2007 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министру, 2009-2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу, 2012-2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу щытащ.

«За трудовую доблесть» медалыр, КъБР-м и Щ1ыхь тхылыр кьратащ. КъБР-м промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

АфІэунэ А. М. Лэскэн районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр егъэзащІэ

Вэсэмахуэ Лэскэн муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и сессиемкІэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Кебеков Валерий и къулыкъур щыщхьэщахащ, ар езыр зэрылъэІуам къыхэкІыу.

Лэскэн районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъур игъэзэщІэну и пщэ далъхьащ КъБР-м спортымкІэ и министру щыта АфІэунэ Аслъэн Мартын и къуэм.

АфІэунэ А.М. КъБАССР-м щыщ Аруан районым хьихьэ Урыху къуажэм 1961 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м къыщалъхуащ. Экономист Іэщ1агъэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызригъэгъуэтащ. «Урыху» совхозым и рабочэу 1978 гъэм лэжьэн щідзащ. 1982-1997 гъэхэм Аруан консерв заводым, Тэрчгъавэхэкі комбинатым, «КъэббалъкъгавэхэкІ» акционер зэгухьэныгъэм я бухгалтер нэхъыщхьэу щытащ. «Налшык Іэфыкі3 фабрикэ» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэу, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и «Чайка» реабилитацэ центрым и унафэщІу, КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэу, унафэщІу хахащ.

2014 гъэм и мазаем щегъэжьауэ КъБР-м спортымкІэ и министрщ.

КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Кладько И. Е. Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр егъэзащІэ

Вэсэмахуэ Прохладнэ къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и сессиемкІэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Бирюк Александр и къулыкъур щыщхьэщахащ, ар езыр зэрылъэІуам къыхэкІыу.

Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъур игъэзэщІэну и пщэ далъхьащ КъБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министру щыта Кладько Игорь Евгений и къуэм.

Кладько И. Е. 1962 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. ТхыдэмкІэ гъэзэджакІуэм и Іэщ1агъэр иІэу Къэбэрдей-Балъкъэр университетыр 1989 гъэм кьиухащ, «юриспруденц» Іэщ1агъэр Иджырей къэрал академием 2004 гъэм щызригъэгъэтащ.

Налшык дэта электровакуум заводым и слесарь лэжьэн щідзащ. Дзэм къулыкъу щищІа нэужь, а заводым и комсомол комитетым и секретару щытащ. 2010 гъэм Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и къулыкъур игъэзащІэу - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм промышленностымрэ связымкІэ и управленэм и унафэщІу ягъэуваща.

2012 гъэм и мэкъуэгъуэ-дыгъэгъаэз мазэхэм Прохладнэ къалэ округым и Іэтащхьэу, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэм, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм я къулыкъухэр игъэзащІэу щытащ.

2014 гъэм и щІышылэ мазэ лъандэрэ КъБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министрщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ФІагъ лъагэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Гъавэм елэжь предприятэхэм папщІэ Іэмэпсымэхэр зэпхърызыІэхьэ, иджырей линзэхэр зэуІуу зэтезыухуэ «Мельинвест» ОАО-м тхыдэ кьулей иІэщ. Илъэси 150-рэ и пэкІэ зи лэжьыгъэр зэтезыублауэ щыта Іэнатіэм иужьрей лІэщІыгъуэ ныкъуэм а Іуэхум зрегъэубгъу, и дарэгъуэр арэзы ищІу и зэфІэкІым хегъахьуэ. Выставкэм щагъэпльэгъуащ компанием игъэхьэзыр гъавэр зэрагъэкъабзэ, зэрагъэгъущ комплексхэр. Апхуэдзэщ VESTA, ASTRA лІэужьыгъуэхэр, щІыпІэ куэдым щызэпхъралъхьэ щхьэлхэр, Іусыпхъэр щызэтрауд, щызэхахьэжэ, крупа къыщыщІагъэкІ заводхэр.

Новгород Ищхъэрэм щыщ хьэщІэхэм «Мельинвест» ОАО-м игъэзащІэ проектхэр нэрылъагъу тхылъхэмкІэ ягъэнэІуащ, выставкэм хэтхэр зыщІэупщІэхэр хуэзэкърахащ.

Нэгъуэщ1 щІыпІэхэм, ди къэралым къыщыщІагъэкІ мэкъумэш техникэм я пкъыгъуэхэр куэду ягъэлъэгъуащ. Псалъэм папщІэ, Ставрополь крайм и Шпаковскэ районым щыІэ «Живая сталь» ООО-м трактор, комбайн зэмылІэужьыгъуэхэм, жылаСэ машинэхэм, къитхъэхэм, пхъэІэщэхэм я пкъыгъуэхэр ещІэ, зэрегъэпэщыж. Апхуэдэщ подшипникхэр, компрессорхэр, трубокомпрессорхэр, стартерхэр, генераторхэр, шинэхэр, дискхэр, нэгъуэщІхэри. Киров къалэм щылажьэ «Агро-Техсервис» ООО-м Іусыпхъэр зэрахьэж, комбикорм зэрагъэхьэзыр Іэмэпсымэхэр, «Южный дом» фирмэм - хадзэкэкІхэр зэрыхасэ машинэхэмрэ «ZAFFRANI» гъавэ гъэгъущ1апІэхэмрэ, «ГЕА» компанием и «Вестфалия Юг» хэщІапІэм жэмэцхэм я гъэзыкуклэм теухуа проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэмрэ хьэщІэхэмрэ хуагъэпльэгъуащ.

Иужьрей илъэсхэм ди деж лэжьэкІэщІэхэм щытогушхуэ. А жэрдэмхэр республикэм и унафэщІхэм даІыгъ. Хуэфащэу зи цІэ фІыкІэ жаІэхэм ящыщщ Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм щыІэ «Фрукт-Трейд» ООО-р. Абы Урысейм и цІыхухэр илъэс псом фІагъ лъагэ зиІэ мыІэрысэкІэ къыхэрегъэпэщ. Компаниием и хъумапІэр тонн минитхум тещІыхьащ. Пхъэщхьэмыщхьэр гъавэр зэрагъэкъабзэ, зэрагъэгъущ комплексхэр. Апхуэдэщ VESTA, ASTRA лІэужьыгъуэхэр, щІыпІэ куэдым щызэпхъралъхьэ щхьэлхэр, Іусыпхъэр щызэтрауд, щызэхахьэжэ, крупа къыщыщІагъэкІ заводхэр.

Новгород Ищхъэрэм щыщ хьэщІэхэм «Мельинвест» ОАО-м игъэзащІэ проектхэр нэрылъагъу тхылъхэмкІэ ягъэнэІуащ, выставкэм хэтхэр зыщІэупщІэхэр хуэзэкърахащ.

Нэгъуэщ1 щІыпІэхэм, ди къэралым къыщыщІагъэкІ мэкъумэш техникэм я пкъыгъуэхэр куэду ягъэлъэгъуащ. Псалъэм папщІэ, Ставрополь крайм и Шпаковскэ районым щыІэ «Живая сталь» ООО-м трактор, комбайн зэмылІэужьыгъуэхэм, жылаСэ машинэхэм, къитхъэхэм, пхъэІэщэхэм я пкъыгъуэхэр ещІэ, зэрегъэпэщыж. Апхуэдэщ подшипникхэр, компрессорхэр, трубокомпрессорхэр, стартерхэр, генераторхэр, шинэхэр, дискхэр, нэгъуэщІхэри. Киров къалэм щылажьэ «Агро-Техсервис» ООО-м Іусыпхъэр зэрахьэж, комбикорм зэрагъэхьэзыр Іэмэпсымэхэр, «Южный дом» фирмэм - хадзэкэкІхэр зэрыхасэ машинэхэмрэ «ZAFFRANI» гъавэ гъэгъущ1апІэхэмрэ, «ГЕА» компанием и «Вестфалия Юг» хэщІапІэм жэмэцхэм я гъэзыкуклэм теухуа проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэмрэ хьэщІэхэмрэ хуагъэпльэгъуащ.

Жылапхъэ зыгъэкІхэм я Іэдакъэщ1экІхэр утыку кърахьащ, «Агропром-МДТ» компание гупым щыІэнэпшэр хэпльхьыхьахэм я хэлъхьэкІэр, къэкІыкъумэшыщІэхэмрэ хьэщІэхэмрэ хуагъэпльэгъуащ.

Жылапхъэ зыгъэкІхэм я Іэдакъэщ1экІхэр утыку кърахьащ, «Агропром-МДТ» компание гупым щыІэнэпшэр хэпльхьыхьахэм я хэлъхьэкІэр, къэкІыгъэхэр удзыжьхэм, хьэпІащІэхэм, узхэм зэрыщ1ахъумэ гербицидхэр, фунгицидхэр, граминицидхэр, инсектицидхэр, пекацидхэр хэІущІыІу ищІащ. Выставкэм елъхьэхэм ерыскъы промышленностым папщІэ къыщІагъэкІ Іэмэпсымэхэм, агротехнологиехэм щыгъуазэ зыхуащІащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм и программэм хыхьэу тематикэ конференц ирагъэкІуэкІащ. Абы щызэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым и щытыкІэмрэ дяпэкІэ зэрызиужьынымрэ, республикэм и рынокым бизнесым щиІыгъ уВыПІэм, щІалэгъуалэр мэкъумэш щІэным дезгъэхьэныным и хэкІыпІэхэм я теухуа Іуэхугъуэхэр.

Выставкэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, бгыпІэ, жьэгъуащІэс щІыпІэхэм жыг хадзэкэр щыгъэкІыныжмкІэ Кавказ Ищхъэрэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым, Налшык хьэлвэ заводым, Бахъсэн районым и «Къэббалъкъагрохим» компанием, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым, фирмэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Украинэр щхьэхуит къэзыщІыжахэр

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым щагъэлъэпІащ 1943 гъэм и щІышылэ мазэм нэмыцэ зэрыпхъуэкІуэхэм яубыда Украинэр 1944 гъэм и жэпуэгъуэм щхьэхуит къызэращІыжрэ илъэс 70 зэрырикъуар .

● ТекІуэныгъэ-70

ПШЫХЬЫР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым, ди республикэм щыпсэу украинхэм я «Днипро» лъэпкъ-щэнхабзэ центрым, Налшык къалэм и Ветеранхэм я советым.

ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ я «Днипро» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ Харенко Светланэ.

Налшык къалэм и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа къытеувыІащ совет зауэлІхэм псэемыблэжу Украинэр щхьэхуит къызэращІыжам, абыхэм зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ зыщІыгъэгъупщэ зэрымыхъунум, ахэр я щапхъэу, Хэкур фІыуэ ялъагъуу щІэблэр гъэсэн зэрыхуейм. Абдуллаевыр ветеранхэм ехъуэхъуащ узынщагъэ, ехъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ щымыщІэну.

«Налшык зауэлІ щІыхьэм и къалэщ» цІэр ди щыхьэрым фІащыныр зи жэрдэмхэм ящыщ Полищук Татьянэ зэхуэсахэм къахуеджащ Урысеймрэ Украинэмрэ ятеухуа и уситІым.

ЗэІущІэм ирагъэблагъащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу, Украинэр щхьэхуит къэзыщІыжахэм щыщхэу Аринин Константин, Асташовэ Любовь, Белан Юрэ, Багъ Сефудин, Герасименкэ Нинэ, Зенинэ Евдокие, Иваницкая Нинэ, Кузнецов Владимир, Лобанов Борис, Непеин Игорь, Тарасенкэ Иван, Хармац Семён.

Ветеранхэм ягу къагъэкІыжащ Украинэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ фашистхэм къызэрыІэщІагъэкІыжар, зауэ Іэнатіэм пщэрылъ къыщыщащІа къалэнхэр зэрагъэзащІар, гупгъуехьэр къызэрызэранэкІар.

Придиуос Ольгэ зи художественнэ унафэщІ икІи хормейстер «Родник» къэзакъ хорым зэхуэсахэр зауэм теухуа уэрэдхэм ирагъэдзІуащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр яхуэзыщІэ и Іуэхущ1апІэм (МФЦ) и лІыкІуэхэр, Налшык къалэм и школ №93-м и еджакІуэхэр, Гъаэджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Зи Іуэхухэр зэхагъэкІ цІыхухэм я хуитыныгъэхэр зэрахъумэм топсэлъыхь

Жэпуэгъуэм и 29-м Урысей Федерацэм и генеральнэ прокурорым и къуэдзэ Сыдорук Иван Налшык къалэм щригъэкІуэкІащ уголовнэ Іуэхухэр щызэхагъэкІ лъэхъэнэм цІыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ ведомствэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр зыхэта зэІущІэ. Абы къриХьэІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэр, Урысей Федерацэм и генеральнэ прокуратурэм и Управленэу округым щыІэм и лэжьакІуэхэр, округым и щІыналъэхэм я прокурорхэмрэ следствиемкІэ органхэм я унафэщІхэмрэ.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, уголовнэ Іуэхухэр щызэхагъэкІкІэ цІыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэр къыщызэпауд къэмыхъун папщІэ, Урысей Федерацэм и субъект псоми ведомствэхэм эдэй лэжьакІуэ гупхэр къыщызэрагъэпэщащ. Мы Іуэхум хабзэхъумэ органхэм щылажьэхэр нэхъ кууэу щыгъуазэ хуащІын папщІэ зэІущІэ, семинар зэмылІэужьныгъуэхэр ирагъэкІуэкІ.

Апхуэдэу щыт пэтми, уголовнэ Іуэхухэр щызэхагъэкІ лъэхъэнэм мыхъумыщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыкъуэкІ шыІэщ. 2014 гъэм щыщу блэкІа зэманым кьриубыдэу прокурорхэм къыщІагъэщащ уголовнэ Іуэхухэр щызэхагъэкІ зэманым къриубыдэу мыхъумыщІагъэ зэмылІэужьныгъуэу мини 143-м щІигъу щыІауэ. Прокурорхэм апхуэдэу сэтей къащІащ ямытхуэ (учетым хамыгъэхьауэ) хабзэншагъэ мини 3,7-м щІигъу. Следствием и лэжьакІуэхэм къызэІуахакъым хабзэншагъэ мин 38-м щІигъум ятеухуа уголовнэ Іуэхухэр, апхуэдэ дыдэу хабзэм къемызэгъыу уголовнэ Іуэху 850-рэ зэхущІыжащ, уголовнэ Іуэхуу мини 7,8-м я зэхэгъэкІыныр кьызэтрагъэувыІащ. Дызэрыт илъэсым къриубыдэу прокурорхэм даІыгъакъым зи Іуэхур зэхагъэкІ цІыхухэм ящыщу 200-м яхуэгъэзауэ следователхэм ахэр пІалъэкІэ гъэтІысын хуейуэ зэрагъэувар.

ЗэІущІэм къыщащтащ апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр къэмыгъэхъуным, зи Іуэхухэр зэхагъэкІ цІыхухэм я конституцэ хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр къыщыгъэлъагъуа чэнджэщхэр.

Тхьэм къыфхузэпищэ

Пщіэ зыхуэсщі, Къэбэрдей-Балъкъэрым и транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэхэ!

Автомобильнэ, къалэ кІуэцІым цІыхухэр къыщІэзышэкІ транспортым и лэжьакІуэхэм я махуэр жэпуэгъуэм и 26-м ягъэльэпІащи, гукІи псэкІи псоми сыныбохъуэхъу. Ар я махуэшхуэщ рулым дэсхэми, автотранспорт, пассажир Іэхуащ1апІэхэм я лэжьакІуэ къызэрыгъэкІхэми, инженер-техникэ къулыкъущІэхэми, унафэщІхэми, абы хуэунэтІа еджапІэхэм я щІэныгъэлІхэми, егъэджакІуэхэми.

Налшык транспорт щызэкІуэ и уэрамхэр сыт и лъэныкъуэкІи иджырей зэманым къызэгъыу зэрагъэпэщмэ, кьыпхуэмылуэтэну гуапэ сщыхъунущ, сыщыгуфІыкІынущ. А Іуэхум КъБР-м и унафэщІхэм гупыпІэ хэха хуащІыну сыщогугъ.

Автомобильнэ, къалэ кІуэцІым цІыхухэр къыщІэзышэкІ транспортым и лэжьакІуэ лъапІэхэ! Фыузыншэу, фи унагъуэхэм насып илъу гъащІэм гу щыфхуэмэ, фи хэлъхьэныгъэрэ гуащІэкІэ КъБР-м и транспорт Іэнатіэм зевгъэужьмэ, дунейпсо лъагапІэхэм нэвгъэсмэ си гуапэщи, Тхьэм къыфхуэзэпищэ.

ЗЕКІУЭРЕЙ Аслъэн,

пщІэ къыфхуэзыщІ фи лъахэгъу, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, академик. Тюмень къалэ.

● Узыншагъэ

Зэгурыіуэныгъэ иращ1ылІэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэм хэтыну хуей дохутыр ныбжьыщІэхэм я лъэІу тхылъхэр яІех.

МЫ МАХУЭХЭМ ирихьэлІэу министерствэм зэгурыІуэныгъэ ярищІыкІащ къуажэхэм щылажьэну гупыж зыщІа, зи ныбжьыр илъэс 35-м нэмысы медицинэ лэжьакІуэу 51-м. ЗэщІагъэзаІ ныбжьыщІэхэм я псэупІэр ирагъэфІэкІуэныжмкІэ ядэІэпыкъуным хуэунэтІа программэм ипкъ иткІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми сом мелуан зырызкІэ зыщІагъэкъуэнущ.

ЩыІэ ІэнатІэхэр зыхуэдэм щыгъуазэ зыщыхуэпщІыфынущ КъБР-м и Правительствэм и порталым ретубликэм Узыншагъэр, хъумэнымкІэ и министерствэм хуэхэа Іыхьэм. Жэпуэгъуэм и 5-м нАуэ къызэращІам тепщІыхьмэ, республикэм и къуажэхэм дэт медицинэ Іуэхущ1апІэхэр ІэщІагъэлІ 69-рэ хуэныкъуэщ. Ахэр нэхъыбэу зыхущІыщІэр «Педиатрие», «ДэІэпыкъуэгъуэ псынщІэ», «Рентгенологие», «Терапие», «Онкологие», «Эндокринологие», «Акушерствэмрэ гинекологиемрэ» унэтІыныгъэхэрщ. Псом хуэмыдэу ІэщІагъэлІхэм яхуэныкъуэщ Лэскэн, Прохладнэ, Щэрэдж, Дзэлыкъуэ районхэм щыІэ сымаджэщхэр.

«Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэм хэтыну хуейхэм я лъэІу тхылъхэр 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 5 пщІондэ Іахыну аращ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым цІыхухэр сакъыну къыхуреджэ

ЦІыхубзм я зэкъуэтныгъэм и махуэм зыщыхуагъэхьэзыр, абы екъэлІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІ лъэхъэнэм жылагъуэ транспортымрэ цІыху куэд щызэхуэс щІыпІэхэмрэ хэхауэ щысакъын хуейщ. Шэч фэзыгъэщІ хьэпшыпэ гуэрхэм фрихьэлІамэ, абыхэм фемыІуэмэ, абдежьым жып телефонхэри къыщымыгъэсэбэлэмэ нэхъыфІщ.

Зыгуэрхэм Іэщэ, лагъым, зэрахьэну зыхуимыт нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр зэралэм щыгъуазэ фыхъуамэ, абыкІэ хабзэхъумэ органхэм хъыбар егъэщІэну быныволъэІу. Апхуэдэ хъыбарым и пэжыпІэр зэхагъэкІынущ икІи цІыхухэм щынагъуэ къатемыхьэн папщІэ зыхуэфащэ Іэзху псори ялэжьынущ.

ПащІэгъуэкІэ фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым - (88662) 48-16-92, 48-16-37;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - (88662) 48-15-81;

КъБР-м щыІэ МВД-м - (88662) 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - (88662) 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - (88662) 39-99-99.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

Пащ1э Бэчмырзэ и ц1эр зезыхь9 музейр къыщы1з9Iуахым Къалмыкъ Республикэм и ц1ыхубз уса1э Кугультинов Давид и хь9щ1ащ. *2004 гъэ*

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщ1эщым къытхуеблэгъащ уэрэджыIа1э, «Синдей» ансамблым и къызэгъэпэщак1э, тха1э Пащ1э Лен9. Абы и гъащ1эмрэ и гуащ1эмрэ теухуа упщ1э зыбжанэк1э зыхуэдгъэзащ, къыдж1ахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Ди псалъэм и щ1эдзап1эу уэрэд жы1эным удихь9хыу ар I9пэгъу зэрыпхуэхъуам, I9щ1агъэр къыхэпхыныкмк1э гъуазэ пхуэхъумрэ абы и щ9хуэхм ух9зыгъэгъуэзах9мрэ я гугъу къытхуэпщ1ам9 арат, Лен9.

- Сыщы щ1ык1ым зэм егъэджак1уэ, зэм Къэбэрдейм и жэмыш пашэ къыхсэк1ыну, зэми дохутыр I9зэ сыхъуну, уэрэдри хущхъуэри зэхэту ц1ыхуэм есхьап1эурэ згъэхъужыну жыс1эрт. Итlанэ си Iыхьлы дыдэ, балетмейстер ц1эрыIуэ Дэшу Хьэшыр кыщжи1ащ: «Лен9, дэтхэнэ зыри жэмыши дохутыри хьуфынущ, уэ мак9 дах9 уи1эщ, уи уса прозэ къеджэк1эр хуабжьу сигу ирохь. Уэ актрисэ, уэрэджы1ак1уэ I9зэ къыпхэк1ынущ. Я9пщ1ык1э щ9нхабзэ еджап1эм щ1эт1ысхь9, адэк1э къигъэлъэгъуэнщ». Апхуэдэу Хьэшыр сыщытригъэгушхуэм, культурэсветк1э зэдж9м сыщ1э-т1ысхьащ.

Нобэр къыздэсым нэхъыбэрэ и ц1э ира1уэмэ сф1эф1щ си егъэджак1уэ щыта Кърымщокъал Фаризэ. Ар ц1ыху губзыгъэт, зэхэщ1ык1 ин и1эт, псоми ф1ыуэ ял9агъурт, и н9I студентхэм къытеттри, и псалъэр т1у дымыщ1у дгъэзащ1эрт. Сытым къ9хихми сщ1эртэкъым, ауэ си ун9ц1мк1э къ9ззджэну ф1эф1 дыдэт. «Голубые дали» повестым щыщ литературно-макъамэ I9хьэ абы сигъэгъэзащ1ауэ щытар иджыри радиом къ9хуэмэ. Абы и сюжетыр гъэщ1агъуэн дыдэщ. Си бынхэри абыхэм я быныжхэри абы гъ9уэ йода1уэ, апхуэдизк1э я гум хохьэри.

Дезыгъэджахэм ящыщу сигу к9инэжащ Мер Еленэ. Гъащ1агъагъ и гъы6зэ монологыр жыс1э1э зэгуэрым зэхихащ уэрэд жы1эныжк1э езыгъаджэ Канукаевэ Доро. Репетицэ н9ужьым к9ыз6гъэдыхэри же1э: «Си х9ыдж6з дыщ1э, уэ I9мал имы1эу зэгуэрыт жыпI9н хуейц. Уэ зык1э мак9 дах9 уи1эщи. Дерс сыщимы1эхэм си деж9 ук9эк1ынщ». Апхуэдэу факультативу уэрэд жы1э-ным зыхуэзгъэсац.

- Уэ щ1ынал9 к9уэным концерт щ1ыпт1ащ. Н9хъ ущу к9инэжахэм к9ытхутепсэл9ыхьхьыт.

- Ди пхъэкъэгъуэр щ1ыпсэу хамэ к9арал к9уэным сыщы1ащ. Амман к9ал9м щ1ылажь9 Адыгэ Ф1ыщ1э Хасэм Пщ1ыхьщ1э Мухьэжыр и гъусэу срагъэблэгъуэу щытащ. А з9маныр гъэщ1агъуэнт, гукъинэжт, уеблэмэ пщ1ыхь9п1э дахэм хуэдэт. Ц1ыхухэр апхуэдизк1э гуапэу к9ытI9щ1ат, к9ытщ1ыгуфык1ати, зэрыжа1эу, дыдрахьеймэ - дыгъущ1эрт, дык9рахььхмэ - дыщ1ытэрт. Си мак9ри си уэрэдхэри я гу дыхьат. Зы адыгэ школым хуэзэу уэрэд щ9ныкъуэм щ1игъу щыщ1ыжыс1э к9ыхсхуихуащ. Абы щыгъуэм микрофон, фонограммэ жыхуа1эхэр сщ1эхэрт9къым. К9уаж9 клубэм, Адыгэ Хасэхэм концертхэр щытт1ащ, си уэрэдхэм к9ыдежьуу9. Псом хуэмы6зэу щ1эщыгъуэ я щ9ыхьат «Уи унэц1эм си ц1эр пытхэ» уэрэдыр. Ар жыс1эу утыкум сыдэ-тым, бзыпх9ыгъэ гуф к9эт9джа9э к9ыззэрысхуэ9к1уэм гу лы9зот9. Зи нэпс к9ыщ1эжу к9ысхуэк1уэ ц1ыхубзым соплъ, удз гъэгъаи I9щ1ал9-къыми, ищ1энур сф1эгъэщ1э-гъуэнщ. Схуэзанщ1эу к9эурыи, уэрэдыр нэзгъэсхуу к9ыззэдыуащ. Итlанэ и дыщэ I9пъыныр к9ызыз1э-рихри к9ысс1эрилъхьащ. Ар щы-жыс1эращи, егъэл9ауэ пщ1эшхуэ к9ыс9ущ1ырт, са1эт9ырт.

Зэгуэрым Хьэф1ыщ1э Мухьэмэд США-м к9ик1а х9эщ1эжэр к9ыхуэ-к1уат. Пшынауэ гъуэзэдж9 Мэ-к9ауэ9 Мухьэмэд, сэ дриджэри хьэ-щ1эхэм я пащхь9 уэрэд щы9ыт1ащ. Ахэр к1уэжа н9ужь, Америкэм драгъэблэгъащ. Хьэф1ыщ1э Мухьэмэд, и щхьэгъусэ Роэз9, Мэкъауэу Мухьэ-мэд, сэ, Адыгэйм щ1ыщ, УФ-м щ1ыхь зи1э и артист Мурат Чэпай дыз9гъуэсу дык1уащ. Бзийк1э уэ-рэдхэр жы1эрт, концерт зыбжани щ1ыттащ. Дезыгъэблэгъа Шык9 Мухьэмэд-Хьид нобэ хэкужьым к9ыгъаззжу щ1ыпсэуну х9ззырщ, Дыгулыбг9уей л9апси щи1эщ.

Ди гъунэгъу республикэхэми мы-зэ-мы1эу си макъ щ1ызэхахащ. Ц1ыхубэм ф1ыуэ дык9ал9агъурт, я гуи я пси дыдых9рт. Зы концертым сомиб1 х9ззэу к9ыдиту к9эрал9м дых9эл9жьащ. Ди Iых9ныхэмрэ благъэхэмрэ я хьэгъуэлыгъуэ, гу-ф1эгъуэ зэхьых9р пщ1эншэу щалъэн зык9рихьэл9Iауэ к9ыщ1эк1ащ. Щ1энэщх9ейм к1э сыщеупщ1ым, зэрыЗнатIэншэм зэрыхигъап1ъэр к9ызжи1ащ. Апхуэдэу щ1ых9ум, си ансамблым и художественнэ унафэщ1у Ал9эн згъ9эрыр, «Тэрч» зыгъэпсэхуп1эм пэшитI фэтэ9ру к9ыщ1ыхуэсщт1ащ. Ансамблым и репетицэхэр щедгъэк1уэк1ри а зы-гъэпсэхуп1эрат. Куэдк1э к9ыддэ1э-пык9уащ а зэманым а санаторэм и унафэщ1у щыта, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъ-хьэныгъэф1 х9ззыщ1а Боттаев Валерэ.

Ансамблым л9жьыгъэншэу уэрэмым к9ыщ9наxэм сом к9ал9жьы-нымк1э к9уэд хуэзф1эк1ащ. Зэф1эд-гъэгъэк1а л9жьыгъэм и гугъу щ1ыпщ1к1э, к9ыжьы1апх9ащ а зэманым зэрыхьэзэрий к9ыщ1ыхуа Абхъазым и ди л9ъпкъгъуэхэм дэ1эпык9уэгъу дазэрыхуэхъуар.

- Лен9, тхэмэ уэрэрыуэ1эи-жьым дыщыгъуазэщ. Абы дауэ удихьэха х9уа? Сыт х9уэдэ жанр л9ъпкъгъуэхэм?

- Уэрэдыжьхэр к9уэд щ1ауэ хьэзырщ. Сэри си х9уэпсап1эщ а9эр к9ыдзэгъэк1ыну, I9эху схуэмыщ1у аращ. Ауэ абы щхьэк1и мы1эку ухуейщ. Уэрэдыжь к9уэд, литературно-музыкальнэ композицэхэр адыгэбзэк1и урысыбзэк1и згъ9эащ1у радиом и фондым къыхэнащ. Апхуэдизк1э, псал9эм папщ1э, Шинк1уфэ Бэгърат и «Жылак1э» тхы-гъэм щ1ыщ пычыгъуэр.

Пэжщ, Америкэм, Иорданием, Сириием щ1ыпсэу ди л9ъпкъгъуэхэм я9ъуа адыгэ уэрэдыжь к9уэд зэ-хуэсхьэсыжащ. Я9пу Амман сыщы-к1ыам, си благъэ адыгэ бзыл9ъхугъэ Шыфэхьуж Самихьэ уэрэдхэри, абыхэм я9еуха х9ыбархэри макъа-мэри к9ыжьи1ат. Ин9м сык9эк1уэмэ н9ужь псал9экэр зэзгъэзэжьырт, нотэкэр стхырт. Радиом щ1ылэжьа Къ9зан Зубер и9жьк1э нотэкэр да-хэу кърезгъэтхык1ыжащ. Абы щыщ зыбжанэ Хьэф1ыщ1э Мухьэмэд «Адыгэ псалъэ» газетым къытри-дзауэ щ1ытащ. Апхуэдизщ «Жан-щ1ык1у и гъыбзэр». Америкэрэм уэрэд к9уэд к9ыс9ащ, Шаукэт Нэхунэ и уэрэд щ1эрыIуэри х9ту. А уэрэдыр абы щ1ызэгъащ1эри, концертыр к9ырзэ1ухэуэ щ1ытащ, адыгэ гупыр к9ыздежьуу9.

- Пащ1э Бэчмырзэ къызэралъхурэ мы гъэм и1ъэси 160-рэ ирокъу. Усак1уэм и ц1эр зезыхь9 музейм к9ыщ1ызэвгъэпэщ щэнхабзэ I9эхуэхэм я гугъу къытхуэщ1ыт.

- Музейр х9эралым тыгъэ зэрыхуэсщ1рэ мы гъэм и1ъэсипщ1 ирокъу. Адыгэ тхыбзэм, адыгэ литературэм и л9абжьэр зыгъэпытха Пащ1э Бэчмырзэ теухуа к9уэд музейм къак1уэ щ1эблэм я9ежьэ9. Еджак1уэхэмрэ студентхэмрэ а х9ыбархэм апхуэдизк1э едэ1уэну я9ф1эф1щ, иджыри я9ежсI9ну л9а-I9уэу, щ1эк1ыжьыну хуэмейуэ апхуэ-дэщ.

- Нобэ сыт хуэдэ I9эхуг9ыу н9эхь узыгъэгъэвэ9у щы1э?

- Псом н9эхьрэ н9эхь сигу к9еуэр зэф1эк1 зи1э, л9ъпкъым Ал9эн-жанык1а ди щ1ал9 пашэхэр зэрыт-ф1эк1уэдырщ. Ц1ыпIнэ Ал9эн, Къ9эр Альберт жыпI9ми к9ыд м9хьу ах9р. Къ9эр Альберт теле-фонк1э сепсэл9а к9удей щхьэк1э Нартан нак1уэри си гукъеуэкэр зыхуэдэм, музейр къ9дгъэщ1эрэ-щ1ж9ын, Бэчмырзэ и9жьрейуэ щ1ыпсэуа Ж3мыжьык1ыу9 з9дгъэпэ-щ1ыжьын щхьэк1э дызыхуейхэм щ1эупщ1ат, а псомк1и к9ыддэ1эпы-к9уну дык9игъэгугъат. Щэч л9ъпкъ х9мыльу, Альберт псэужамэ, а псор з9ф1ич9эк1ынут.

Ди къэк1уэнур з9ык1ыта щ1ал9-гъуэлэр афиныкмрэ фадэмрэ з9рихьхьым сегъэгъаз9. Нобэ псэуу9 хьэблэм къ9дэнэжар нэ-хьыжьхэмрэ сабийхэмрэщ. Ди л9ъпкъыр к1уэдынк1э зыхуэ1уа щы-1экъым, апхуэдэу ек1уэк1мэ.

Еджап1эр къ9зыуха щ1ал9гъуа-лэр з9рыIэнатIэншэми сроп1ейтей. Ди щ1ал9хэмрэ хьэдж6зэмрэ з6грык1уэу н9гъ9щ1у щ1ыпI9хэм щ1ол9жь9. Щ1эблэм I9натIэ я1эу, а9эр щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щ1эт9пIык1ыу щ1ытп1хъэт.

- Лен9, дэтхэнэ зы ц1ыхубзми и псы къигъэхъуап1эр и щ1эблэ-ращ. Уи унагъуэм, уи къуэрыл1ъ-пхъ9рыл1ъхуэм я гугъу къытхуэщ1ыт.

- Тэмашэрэ сэрэ ди къуэ нэхьы-щ1э Руслан ти9щ1ак1ащ. Ди насыпти, иджыри зы щ1ал9рэ зы хьыджэбзрэ - Ал9эн9рэ Светэрэ - ди6щ. Руслан хьыджэбзит1 - Джанетрэ Светэрэ къыщ1энащ. А9эр балигъ хьуащ. Зыр Гъуаздж9хэмк1э Кавказ Ищ-хьэрэ институтым, адрейр а I9эхуг-щ1ап1эм гъуаздж9мрэ щэнхабзэм-к1э и колледжым щоджэ.

Сипхъу Свети сабиит1 и1эщ (Са-бинэрэ Батырхьанрэ). Светэ Пащ1э Бэчмырзэ и I9дакъэм къыщ1э-щ1ащ. К9ыщынэмыщ1ауэ, К9ъу-батий Борис и еджап1эр к9ик9ауащ, адыгэ шхыныгъэхэр н9ахъ I9фIу зыпщэфI угъэзыльхъ9нщ. Ал9эн-ны пхъ9итI - Тинэрэ Лалинэрэ - къыщ1ох9уэ.

Си къ9эрыл1ъу-пхъ9рыл1ъхуэ-ращ си гурыфIыгъуэр. Абыхэм гу-къыдж ик1ы зыкъзт.

Елсэлър

ТЕК1УЖЬ Заретэщ.

Пащ1э Бэчмырзэ и къ9щ1ал9хуа махуэр музейм щагъэпэп1эм Тут Заур зригъэхьэл1ащ. *2006 гъэ*

х9уэдг9эдахэ щы1эт. Иджыпей уэ-рэджы1ак1уэм х9уэдэу мы1ъу к9ридлэжьыртэкъым ди I9щ1а-гъэм. Профессиональнэ уэрэджы-1ак1уэу зыдб6жыкырти, ар ди напэм к9ытхуегъэк1уртэкъым. Пенсэ сы-щык1уам сом 1700-рэ к9удейт схуатхар зэрыхъур. Х9абжьу си жагъуэ х9уат абы ф1эк1а к9ъэмы1эжьауэ к9ыззэрыатыр.

- Лен9, «Синдей» ансамблыр к9ыщ1ыз9бгъэпэщауэ щытамрэ гупым з9фIигъэк1а л9жьыгъэмрэ дигу къэбгъэк1ыжамэ ди гуапэт.

- «Синдей» ансамблыр к9ыщ1ы-з9згъэпэщам и щхьэусыгъуэр 90 гъэхэм к9ъхъуа з9ахъуэк1ынытыгъэхэм я з9ман гугъум артист к9уэд у9рэмым к9ыз9рыдэнарт. Уэрэдымрэ к9афэмрэ з9гъусэу си н9гу щ1эт, «Кабардинка» ансамблыр н9ахьа-пэм з9рыщытам х9эдэу. Апхуэдизк1э абы сыщ1эк1ъуэпсыри, си гур хигъахъуэрт а I9эхур к9ыз9рызэхъуэ-л1ам. Абы щыгъуэм ц1ыхуэхм я л9-жьапщ1эр илъэс н9ыкъуэм з9 я1эрь-х9эу арат. Тык9ун мыин к9ызэ1ух-хауэ з9гъэлажьэрти, абы к9ыпп-к1ыэмк1э сад9эпык9урт у9рамым к9ыдэна артистхэм. Дэшу Хьэшыр и к9уэ Мухьэмэд балетмейстеру к9эсэщтат. Программэ дэгъуэ з9гъ-х9эзэрти Черкесск дык1уа9э, ди концертым композитор Даур Ас-х9эдж9ащ х9эдэу мы1ъу х9ридлэжьыртэкъым ди I9щ1а-гъэм. Профессиональнэ уэрэджы-1ак1уэу зыдб6жыкырти, ар ди напэм к9ытхуегъэк1уртэкъым. Пенсэ сы-щык1уам сом 1700-рэ к9удейт схуатхар зэрыхъур. Х9абжьу си жагъуэ х9уат абы ф1эк1а к9ъэмы1эжьауэ к9ыз9рыатыр.

- «Синдей» ансамблыр к9ыщ1ы-з9згъэпэщам и щхьэусыгъуэр 90 гъэхэм к9ъхъуа з9ахъуэк1ынытыгъэхэм я з9ман гугъум артист к9уэд у9рэмым к9ыз9рыдэнарт. Уэрэдымрэ к9афэмрэ з9гъусэу си н9гу щ1эт, «Кабардинка» ансамблыр н9ахьа-пэм з9рыщытам х9эдэу. Апхуэдизк1э абы сыщ1эк1ъуэпсыри, си гур хигъахъуэрт а I9эхур к9ыз9рызэхъуэ-л1ам. Абы щыгъуэм ц1ыхуэхм я л9-жьапщ1эр илъэс н9ыкъуэм з9 я1эрь-х9эу арат. Тык9ун мыин к9ызэ1ух-хауэ з9гъэлажьэрти, абы к9ыпп-к1ыэмк1э сад9эпык9урт у9рамым к9ыдэна артистхэм. Дэшу Хьэшыр и к9уэ Мухьэмэд балетмейстеру к9эсэщтат. Программэ дэгъуэ з9гъ-х9эзэрти Черкесск дык1уа9э, ди концертым композитор Даур Ас-

Пащ1э Бэчмырзэ и ц1эр зезыхь9 музейм и х9эщ1эщ СССР-м и ц1ыхуб9 артист Темыркъан Юрэ. *2009 гъэ*

Зыужьыныгъэм и гъуэгугъэлъагъуэ

Иджыблагъэ дэ депсэлъыл1ащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1эныгъэмк1э щ1ыхь зи1э я л9ж9ак1уэ, Естественнэ щ1эныгъэхэмк1э урысей академием и членкорреспондент, Щ1эныгъэхэмк1э Дунейпсо адыгэ академием и академик, биологие щ1эныгъэхэм я доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий

● ДифI догъэгъащ1э

К9ЫЗЫХЭК1А л9ъпкъым хуэфащ9, к9ызыдэк1а Ал9ушьдж9 жы1эм дэсэр зэрыгушхуэ9, к9эралым х9эл9эу хуэ-лажь9 щ1эныгъэл1 щ1эрыIуэщ щ1ых-гъэпсор. «Дэтхэнэ зыми хуэдэу, сэри сык9ызыдэк1а си к9уажэм хуэдэ щы-мы1эу к9ыщ9охьу. Си н9гу к9ыщ1о-хьэж абы щ6жэх псы к9абзэр, к9ы-щык1 жыг дахэхэмрэ удз хущхъуэ з9мы-л1эужьыгъуэхэмрэ. Андемыркъан и I9ащхьэмрэ К9ъзанокъуей джабэмрэщ9? Си гур хохьэу ди к9уажэм ц1ыхуэ I9щ к9уэд к9ызэрыдэк1ам щхьэк1э. Апхуэдэхэщ Бэрбэч Хьэт1ут1э, Ал9эт9н Владимир, Сл9он Л9дин, Аш9бокъуэ Леонид, Урыс Хьэчим, К9ардэн Пашит сымэ, н9эгъуэщ1 ц1ыху щ1ыпкъэхэри. Сык9ызыхэк1ах9эм я гугъу щ1ы1эм, абы срогушхуэ, ар л9ъпкъ узыншэу к9ызо1ы9тэри», - жеI9 Сэфарбий.

Щхьэгъэпсор и адэшхуэ-анэшхуэхэм я жьауэм щ1э9ту, адыгэ хабзэ дахэм щ1а-П9ыкI9у к9ъхъуащ. И адэ Хьэсэнфий и1ъэс 18 ф1эк1а мыхъуу Хэку зау9шхуэм 1942 гъэм ираджэри, 1947 гъэ пщ1ондэ абы щы1ащ. Хьэсэнфий и1ыгъэ зэрихьэу, и ц1эр ф1ык1э к9ра-I9уэу зауэм зэрыхэтам папщ1э, абы к9ыхуагъэфэщащ Вагъуэ Пл9ыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и 1-нэ н9гыщэр, Берлин зэраубыдам, Германием зэрытекI9ам папщ1э медалхэр, нэ-гъуэщI дамыгъэ л9ап1эхэри. Зауэм теухуа х9ыбар гъэщ1эгъуэн куэд итхы-журэ газетхэм къытрыригъадэу щы-тащ абы. Сэфарбий и анэ ФатIимэт Бэрбэчхэ я9пхъут, дэрбэгэ I9ззт. Зэщ-хьэгъуэсхэр сыт щыгъуи хущ1эжьурт я бынхэм щ1эныгъэ к9уу зэрыбгъэдал-хьэныи. И щ9пхъу нэхъыжь Дзэмыхь Лерэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр к9ыухащ, КъБР-м щ1ыхь зи1э и доху-тырщ. Сэфарбий КъБКъУ-м и биологие факультетыр «тху» защ1эк1э к9ыухащ. Абы и ужькI9 ар Ростов дэт к9ал9л университетым и аспирантурэм и1ъэсищк1э щеджэри, кандидат диссертацэр итхащ, и ужькI9 1996 гъэм Екатеринбург к9ал9м щ1ып хигъэк1ащ и доктор диссертацэр.

Щхьэгъэпсор зыбгъэдэт I9эхур дагъэнэщ9 зэрызэфIихыр к9ал9ытэурэ, ар жэуап1ыныгъэшхуэ зыпыл1 I9нат1эхэм пэрагъэуващ. 1991 гъэм к9ы-щыщI9эдзауэ 2005 гъэ пщ1ондэ ар КъБ-КъУ-м и химико-биологие факультетым и деканэ щытащ. 2006 гъэм абы хуагъэфэщащ КъБР-м егъэджэныгъэм-рэ щ1эныгъэмк1э и министр к9ылы-к9ур. 2010 гъэм ек1уэк1а «Ил9эсэм и министр нэхъыф1» з9пеуэм абы бзыкъ-пэр щиубыдащ. И9ужькI9 КъБР-м и Ар-хив I9эхущ1ап1эм и унафэщ1у л9жьащ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий адыгэ ина-гъуэ дахэу мэпсэу. Щхьэгъэпсохэ я унагъуэм и жьэгу пащхь9р зыгъэхуабэ бзыл1ъугъэ гумызагъэщ, щхьэгъуэсми бынхэми я гур я9уэзыгъэдахэ, я нэщ-хьеягъуэри гуфIэгъуэри я9эзыIэт щ1ыху тэмакъкI9ыхьщ Ларисэ. Абыхэм з9дагъ9уэтащ бынитI. Я хъыджэбз Л9нэ и анэм и л9агъуэм ирик1уащ, экономик9 щ1эныгъэхэм я кандидатщ. Я щ1ал9 Ал9энджэрий прокуратурэм щолажь9.

Щхьэгъэпсор щ1эныгъэл1 ц1эрыIуэщ. Сэфарбий и I9дакъэм къыщI9к1ащ щ1эныгъэ л9ж9ыгъэу 400-м нэс. Апхуэдэхэщ и монографиехэр, д9ж-к1уэхэр зэрырагъаджэ тхылъхэр, статьяхэр, доклад хэр. Абы и нэ1эм щ1эту к9ыдэк1ащ щ1эныгъэ л9ж9ы-гъэу 25-рэ. Щхьэгъэпсор жыджэру я9одолажь9 зи кандидат, доктор л9ж9ы-гъэхэр зыгъэхьэзырхэм.

Егъэджэныгъэм зэрызиужьым, абы щ1эуэ к9ыхьхьа I9эхугъуэхэр к9ыззэ-рыщ1ыхъум дыщщ1эуп щ1эм, Щхь-гъэпсом к9ыджи1ащ еджап1эхэм я I9эхур к9уэдк1э з9рефIэк1уар.

- 2005 гъэм I9натIэм к9ыхалъхьащ «Егъэджэныгъэ» л9ъпкъ проектыр, - жи1ащ Сэфарбий. - Абы и ужькI9 школхэм к9уэдк1э н9эхъ зык9ауэжьжащ. Проектым ипкъ итк1э к9ызэрагъэпэ-ща з9пеуэхэм школхэр х9тащ и к1и те-к1уахэм мелуан зырыз к9ахьащ. Апхуэ-дэ I9ималхэм еджап1эхэр к9ьагъэщI9рэ-щ1эжащ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмк1э к9ызэрагъэпэщ1ыжащ. Л9ъпкъ проектым и ф1ыгъэк1э з9пеуэхэм з9ф1эк1 л9ьагъэхэр к9ыщ1ызыгъэл9агъуа его-джак1уэхэри ах9ыщ саугъэтхэмк1э я9ГъэпэащI.

Щхьэгъэпсор жыджэру мы Iурэхэм з9рыхэтам папщ1э к9ыхуагъэфэщащ «Егъэджэныгъэ» л9ъпкъ проектым и 2-нэ нагъыщ9 медальр.

И9ужьрей з9маным адэ-анэхэри са-бийхэри зыгъэгъуазэ I9эхуг9ъуэхэм я9ыщщ Зыуэ щ1ыт к9ъэрал экзаменыр. ЕГЭ-р I9эхуг9ъуэ куэдк1э к9абыл пщ1ы х9ыну к9ел9ытэ Сэфарбий. Апхуэдэщ Урысей1м и щ1ыпI9 псомк1 и джк1э абы к9ыгъ9ув пщал9эхэр, технологиер зэ-рызэхуэдэр. Апхуэдэу к9ыхигъ9ащ экзаменым к9ыщ1ихь баллхэмк1э к9ик1мэ, ныбжьыщ1эр УФ-м и сыт хуэдэ еджап1эми щ1эт1ысхьэфыну I9мал х9арзынэ з9рыритыр, ар егъэджэны-гъэм и зыужьыныгъэхэм я9ыщ щ1ыу зэрыщ1ытыр.

ЕГЭ-р егъэджэныгъэм к9ызэрыхь-хьэрэ еджак1уэхэм I9малыншэу зэха-мен з9ратыну к9эралым к9ахуигъ9ув предметхэм (урысыбзэмрэ математик-кэмрэ) зыхуагъэхьэзырри, адрейхэр н9эхъ л9ъпкъ9уэ ирагъ9з. Щ9эч х9мыльу, адыгэбзэри н9эхъ лей к9ызытехь9 предметхэм хабжэ. Апхуэдэ нык9ъсаныгъэр к9ызэдэнэк1ыфыным х9эк1ып1эу и1эхэм тедгъэпсэл9ыхьащ Щхьэгъэпсор.

- Псом я9прауэ, сабиим и бзэр I9рылъу к9эт9джыныр к9ыщщ1ид1эр унагъ9ъэм, адэ-анэм я джещ, - жеI9 Сэфарбий. - Абы епсэлъэн х9уейц и анэдэлъхубзэмк1э. Ет1уанэрауэ, еджап1эхэми сабиир едэжьнэм х9ззыгъ9эуи, а предметым дезыгъэхьэх л9жьыгъэшхуэ з9ф1ахьн х9уейц. Апхуэдэу мы9хь-нэшхуэ и1эщ к9эрал к9ылык9ущ1ап1эхэм к9ащт9 унафэми. Аращи, а9эр псори зэпхащ.

Абы и л9ъпкъ9ък1э Щхьэгъэпсом л9жьыгъэшхуэ з9фIигъэк1ащ. П9щI9-дэ классхэм щ1эс сабиир я бзэк1э еджэжьну I9мал я9ратащ, я анэдэлъхуб-зэмк1э щ1эныгъэл1хэм зэрадзэк1а т9хылъхэр к9ыдэгъэк1ыжьнымк1э я9дэ-I9пык9ущ1ауэ ик1и езыри зыхуэ1ззэ биологие т9хылъхэм я9щщ зыбжанэ адыгэбзэк1э з9ридзэк1ащ.

Иджыблагъэ томищ1ых9уу9 к9ыдэк1ащ «Кавказ Ищхьэрэ щ1ынал9эм и зыужьныгъэм ех9эл1а программэ» тхылъ к9упщ1аф1эр. Ар з9датхащ Щхьэгъэпсо С. Х, Абдурахманов Г. М., Мурзаканов9 Л. З., Абдурахмановэ А. Г. сымэ. Тхылъым к9ыщ1ы9тащ щ1ыуэпсым и щхьэхуэныгъэхэр, абы и зехьэк1эр, бгылъэ щ1ыпI9хэм я зыужьныгъэр, диным ди гъащ1эм щ1ыбыд увыпI9р, н9гъуэщ1 I9эхуг9ъуэ я9ащ.

Иджыпсту Щхьэгъэпсом к9ыдигъэ-к1ыну игъэхьэзыращ напэк1уэцI 600 хъу «Къэбэрдей-Балъкъэрым к9ыщщ1 къэк1ыгъэхэр» тхылъ х9эл9эмэтыр. Абы итщ ди щ1ынал9эм к9ыщщ1 удз л1эу-жьыгъ9уэхэр, ах9р сыт хуэдэ щ1ык1э-к1э къзбгъэсэбэн х9унымэ, сыт хуэдэ удз-хэр к1уэдыжми, дэтхэнэхэр «Тхылъ пл9ыжьым» ихуами, н9гъ9щ1эхэр. Апхуэдэу тхылъыр н9эхъ щ1эщ1ыгъ9эж я9щ1 абы ит сурэт щхъ9ж1эп1ык1эхэм. Удз л1эужьыгъ9ун 150-м я сурэтхэр з9хуихьэсыжащ Щхьэгъэпсом. «Ди щ1ынал9эм къэк1ыгъэ минищым н9эс к9ыщок1ри, 700-м я ц1эрщ адыгэбзэк1э к9ъдг9ъуэтыжьыфар», - жеI9 Щхьэгъэпсом. К9ыхьэгъэщ1ап1ъэщ Сэфарбий мы т9хылъым и1ъэс 30-к1э з9релэжьар.

Егъэджэныгъэм и гуащ1эшхуэ з9рыхи1ьхьам, и I9дакъэм къыщI9к1а щ1эныгъэ л9ж9ыгъэ гъ9ззэдж9эм папщ1э Сэфарбий к9ыхуагъэфэщащ УФ-м, КъБР-м къабг9эдэк1 щытхъу, щ1ыхь тхылъхэр, медалхэр. Абы л9ж9ы-гъэшхуэ хищ1ыхьащ КъБКъУ-м экологие, географие къудамэхэр къыщыщ-I9ахьыным. Щхьэгъэпсом къызэригъэ-п9щащ «Кавказым и дуней пльыфбэр: абы и з9ззэльк1эр, щытык1эр, хьумэ-к1эр, къэгъэсэбэпык1эр» еджап1эр.

Ди щ1ынал9эм и мызакъуэу, Щхьэ-гъэпсо Сэфарбий и ц1эр ф1ык1э к9ыщащ1э хамэ къэралхэми. Абы мызэ-мы1Iэу къызэригъэпэщащ дунейпсо щ1эныгъэ-практикэ конференцэр, езыми жыдж9ру зыкъыщигъэл9агъуащ з9Iущ1э к9удым. «Кавказ щ1ынал9эм и ботаник нэхъ I9ззэхэм щ1ыщ Щхьэ-гъэпсо Сэфарбий», - жи1ащ РАН-м и академик, УФ-м щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э и л9ж9ак1уэ Горчаковский П. Л. Профессорхэу Павлов В. Н., Онипченкэ В. Г., Иванов А. Л. сымэ тетхыхьащ Щхьэгъэпсом и I9дакъэщ1эк1 к9упщ1аф1эхэм ди щ1ынал9эм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми пщ1эшхуэ къызэрыщ1ыхуащ1ам. «К9ъзк1ыгъ9эхэм я экологием, систематикэм, географием елэжь I9щ1агъ9л1 нэхъ л9ъщхэм ящ1ыщ Щхьэгъэпсор. КъБКъУ-м ботаникэмк1э и к9удамэм, ар зи унафэщ1у щытам, и л9ж9ак1уэхэм з9ман к1эщ1ым я9ирубыдэу щ1эныгъэхутэ л9ж9ы-гъэф1хэр ирагъ9эк1уэк1ащ ик1и Кавказ Ищхьэрэ щ1ынал9эм нэхъ к9ыщ1э-жанык1ах9эм ящ1ыщ9», - жи1ащ УФ-м щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э и л9ж9ак-I9уэ Абдурахманов Г. М.

Ди гуапэщ Сэфарбий иджыри и1ъэс куэдк1э узынщ9у къэралми л9ъпкъми я9уэлэжьэну.

ТАБЫЩ Динарэ.

Хьэлупэ Джэбрэил Еуаз Зубер йохъуэхъу.

Ащхъуэт Беслъэн и псалъэ.

Пшынэбзихым и лъэтеувэ

● Гъэзджэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым бизнесымкIэ и институтым зэхыхьэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы къыщыуэрагъэпэщащ республикэм и шыкIэпшынауэ Iэзэ, Iуэрыlуатэдж, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр къэзыгъэщIэрэщIэж Еуаз Зубер игъэхъэзыра, «пшынэбзих» зыфIаща адыгэ макъамэ Iэмэпсымэм теуха зэхыхьэ.

АР ИРИГъэКIуэкIащ композитор, усакIуэ **Хьэлупэ Джэбрэил**. Композиторыр Зубер ехъуэхъуа ныжь, зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ шыкIэпшынэм и тхыдэм, абы и теплъэм, и зэхэлъыкIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм, шыкIэпшынэм телъ бзэпситIыр бзэпсищ зэрыхъуам, иужькIэ щыр плIым, иджы плIыр хым зэрыхуэкIуам.

Гъуэзджэ щIэныгъэзэмкIэ доктор **Ащхъуэт Беслъэн** жиIащ Зубер и Iэмэпсымэр лъэпкъыр зыщыгуфIыкIын тыгъэфIу, адыгэ щэнхабзэм зезыгъэужь IуэхугъуэщIэу зэрыщыгъыр. Апхуэдэу Ащхъуэтым жиIащ зи хъыбарыр Iуэрыlуатэ жыжьым къыщежьэ а Iэмэпсымэм нэхъапэм иIа пщIэр зэригъэтыжынур.

ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и къудамэм и унафэщI **КIымыкIу Людмилэ** жиIащ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм дяпэкIи Зубер зригъэжьынкIи, адыгэр зэрыгушхуэ щIалэм и щIэр тхыдэм къыхэнэну, лъэпкъым къыдекIуэкI Iэмэпсымэхэр, къафэхэр, уэрэдыжьхэр дяпэкIи къагъэщIэрэщIэжыну зэрыщыгугъыр.

УФ-м щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъщэнхабзэ автономиеи и тхьэмадэ **Уэхъутэ Александр** (КъШР) къыхигъэгурыIуэнур. Мурат къыхигъэщащ макъамэ Iэмэпсымэхэр зыгъэхьэзыру, абыхэм еуэу щыта нэхъыжьыбIхэу Абдуэжь Елмырзэ, Къардэн Хьэсэн, нэгъуэщIхэми я цIэр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур.

БизнесымкIэ институтым и ректор, философие щIэныгъэхэм я доктор **Хьурей Феликс** тепсэлъыхьыжащ 1982 гъэм Ойберман Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыгъэблэгъар лъэпкъым и макъамэ Iэмэпсымэхэр къагъэщIэрэщIэжыным, егъэфIэкIуэным щIэдзапIэ зэрыхуэхъуам, къапщтэмэ, «Бжьамий» цIыхубэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщам. Хьурей Феликс пшыхьым кърихьэлIаХэм фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ Еуаз Зубер и лэжьыгъэм къэрал саугъэт зэрыгъэфащэр.

Зубер къытеувыIащ пшынэбзих Iэмэпсымэр игъэхъэзырыну гупыж щищIам япащIыкIэ Iэхум куэдрэ зэрытемыгушхуам, иужькIэ, мазэ зыбжанэ дэкIауэ, Бым Асльэнджерий, нэгъуэщIхэми зэхуэсахэр щIагъэдэIуащ гур хэзыгъаХуэ пшынбзэ дахэм.

Зэхьыхьэм зыкърагъэхьэлIащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, къэхутакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, еджакIуэ щIалэгъуэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Хъурей Феликс пшыхьым кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуещI.

Профессор ХъуэкIуэн Мурат.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КIыщокъуэ Алим ящыгъупщэркъым

БакIуу Хъанджэрий КIыщокъуэ Алим и гуащIэм топсэлъыхь.

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIыщокъуэ Алим къызэраIухурэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум ехьэлIа зэхыхьэ гукъинэжхэр республикэм щокIуэкI. НыбжьыщIэхэм я республикэ библиотекэм, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэм, къыщызэрагъэпэща литературнэ пшыхьри аращ зытеухуауэ щытар.

ЗЭХЫХЬЭР ирагъэкIуэкIащ библиотекэм и лэжьакIуэхэу Щоджэн Заремэрэ Ехъуэныдж Ларисэрэ. Абыхэм зэхуэсахэм КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ягу къагъэкIыжащ.

Пшыхьым ирагъэблэгъащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **БакIуу Хъанджэрийрэ** усакIуэ **Табакъоев Мухьтаррэ.**

БакIуу Хъанджэрий къытеувыIащ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэу Лермонтов Михаил, КIыщокъуэ Алим, Хетагуров Коста, ПащIэ Къазбэч сымэ я юбилейм мыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгэ республикэм, Псыхуабэ, Владикавказ къалэхэм зэрыщагъэлъэпIам.

- Си насып кърихьэкIащ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ КIыщокъуэ Алим сцIыхуну. Москва аспирантурэм сыщыщеджа зэманым Алим СССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу лэжьащ, - жиIащ Хъанджэрий. - ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа тхакIуэм ЕнатIэ куэд зэблихъуащ, пщIэрэ щIыхьэ иIэуи абыхэм пэрытащ. КIыщокъуэмрэ Куливымрэ зэуапIэм щыIута зэманми тхэн щагъэтакъым, усакIуитIым я зэныбжьхэгъугъэр нэхъри ягъэбыдащ. Ахэр ди щапхъэу лъэпкъ зэныбжьхэгъугъэм пытщэну ди къалэнщ.

Хъанджэрий кIэщIу тепсэлъыхьащ КIыщокъуэм и прозэм иIэ мыхьэнэм.

Табакъоев Мухьтар щIалэгъуалэр къыхуриджащ я анэдэлъхубзэр яхъумэну, абы зрагъэужьыну, лIэщIыгъуэ зыбжанэ и пэкIэ я адэжьхэм ягъэува лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ я Iэпэгъуэ псэуну.

КIыщокъуэ Алим и усэхэм къеджащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и ещанэ курсым хэсхэр, Налшык къалэм дэт курыт школ №29-м и 11-нэ классым щеджэхэр.

БЖЬЫХЬЭ Роза.

Зэхыхьэм хэт еджакIуэхэр.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Щэнхабзэр лъэпкъым и фащэщ

● Фестивалхэр

КъБР-м щекIуэкI «Кавказ куполхэр» славян щэнхабзэ фестивалым къыпызыщэ пшыхьыр Прохладнэ къалэм нэгузыуэжьу щрагъэкIуэкIащ. ЩэнхабзэмкIэ унэм и лIыхьэпIэм щызэхаубла концертымкIэ махуэшхуэм хэтыну къекIуэлIахэр ирагъэблагъэрт. Абдежым къыщызэIуаха сурэт гъэлъэгъуэныгъэр ягъэдахэрт куеймрэ къыдаумрэ я ехъулIэныгъэхэм ятеухуа сурэтхэм, ЩэнхабзэмкIэ унэм и гъэсэн ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ IэкI хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм.

МАХУЭШХУЭМ кърихьэлIат КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Алан» балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Вече» урыс лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэм, «Днипро» украин щэнхабзэ центрым я лIыкIуэхэр.

ГуфIэгъуэ зэуIущIэр КъШэрэдыжьэ Прохладнэ район администрацэм и унафэщI Бирюков Владимир. Абы и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ «Кавказ куполхэр» фестивалым ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэхуэщытыкIэхэр егъэфIэкIуэныкмкIэ, я зэныбжьхэгъугъэр гъэбыдэныкмкIэ мыхьэнэпхуэ зэриIэр. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ заужьу, зэрегъэфIакIуэу къызэрызэдекIуэжЫм и щыхьэтт а фестивалыр. Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ жылэ псоми я лIыкIуэхэр абы къыхьащ.

Пшыхьым кърихьэлIахэм гукъинэж ящыхъащ «Тэрч къэзакъэр» ансамблым уэрэдзэмрэ къафэхэмрэ, Альтуд щыщ Мысрокъуэ Рустам и «Мэлыхъуэ» уэрэдыр, Прохладнэ, Екатеринородскэ, Солдатскэ, Заречный, Красносельскэ жылэхэм я къафакIуэ, уэрэджьыIакIуэ гупхэм я зыкъэтъэлъэгъуэныгъэхэр. ГуфIэгъуэ пшыхьыр щиухым, фестивалым жыджэру хэтахэм ираташ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Футбол

Иджы псори зэхэкIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2014 гъэм и чемпионатыр иухащ. ЗэхэкIащ абы и саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэри етIанэгъэ гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнухэри.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и чемпион хъуа «Кэнжэмрэ» абы зымащIэкIэ къыпикIуэта «Автозапчасть»-мрэ ядэщIыгъуэ зэхьэзэхуэм и медалхэр яIэрыкъащ «Къэхъунымрэ» и футболистхэм. Япэ увыпIищу зыубыда командэхэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгуГуэм очко щырыщ щыхагъэхъащ икIи я хьэрхуэрэгъуэгъэ жыжьэу къызэранэкIащ.

Щэбэт кIуамрэ тхъэмахуэмрэ зэхэта кIэух зэIущIэхэм зэхагъэкIыну къэнэжыр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэр зыбгынэну ещанэ командэрат. Апхуэдэу къыщIэкIащ мы илъэс закъуэм абы хэта «Iэдиихуэр».

КIэух джэгуГуэилIми щытекIуэри, щытыкIэ гугъуэм къикIыфащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и командэр. Иужьу ар efIэкIащ Налшык и «Спартак-Д»-м.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ нэхъыбэ дыдэ щыдигъэкIащ Бахьсэн и «Автозапчасть»-м - 137-рэ. Абы щыджэгу КIалмыкъ Амур зэпеуэм и Iуащхьэмахуэ нэхъ Iэзэ хъуащ. Ар 56-рэ къыхэжаныкIащ икIи къыкIэтыкIуэ ШащIэ Бебулэн («Къэхъун») топиблкIэ щхьэщыкIащ. Пэжщ, къэхъундэсыр иужьрей джэгуГуэйм хэтыжакъым.

Топ нэхъ мащIэ дыдэ зыхудагъэкIар «Кэнжэращ» - 31-рэ. Араща зэхьэзэхуэм нэхъыбэ дыдэрэ щытекIуари - 29-рэ.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Налшык и «Союз» командэм. Ар очкоитIкIэ щхьэщыкIащ Нарткъалэ и «Нартым».

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым хэт командэхэм мы гъэм иужьу ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: «**Iэдиихуэ**» (Iэдиихуэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:3**, «**Анзорей**» (Анзорей) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **0:3** (анзорейдэсхэр зэрымыджэгуным къыхэкIыу), «**Бедик**» (Адыгэ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **3:1**, «**Шагьдий**» (Зеикъуэ) - «**Бахьсэн**» (Бахьсэн) - **1:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Автозапчасть**» (Бахьсэн) - **2:6**, «**Iэдиихуэ**» - «**Союз**» (Налшык) - **3:3**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **4:1**, «**Къэбэрдей**» (Шэрдэж Ищхьэрэ) - «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - **3:0** (зэрымыкIуам къыхэкIыу), «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **3:6**.

Мыгъэрей зэпеуэм щыщу иджыри зэIущIитI къэнэжащ. «Тэрчыр» яIущIэн хуейщ «Велес»-мрэ «Бахьсэнымрэ», арщхьэкIэ абыхэм къарикIуэ бжьыгъэхэм турнир таблицэм и кIэух щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ халъхьэфынукъым.

ХьЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэкIам кърикIуар

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	«Кэнжэ»	32	29	1	2	117-31	88
2.	«Автозапчасть»	32	28	2	2	137-42	86
3.	«Къэхъун»	32	22	1	9	129-62	67
4.	«Тэрч»	30	19	3	8	81-54	60
5.	«Союз»	32	15	4	13	106-80	49
6.	«Велес»	31	14	6	11	67-73	48
7.	«Нарт»	32	14	6	12	97-89	48
8.	«Бедик»	32	14	4	14	83-91	46
9.	«ЛогоВАЗ»	32	13	3	16	65-72	42
10.	«Спартак-Д»	32	12	3	17	76-74	39
11.	«Къэбэрдей»	32	11	5	16	66-72	38
12.	«Бахьсэн»	31	12	1	18	67-78	37
13.	«Шэджэм-2»	32	10	5	17	57-102	35
14.	«Шагьдий»	32	9	6	17	54-76	33
15.	«Iэдиихуэ»	32	9	4	19	62-114	31
16.	«Прохладнэ»	32	6	3	23	50-130	21
17.	«Анзорей»	32	4	1	27	41-115	13

Инджылызыбзэ зэвгъащIэ!

Бжьыхьэ мазэхэм лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щIэтIысхьэнухэр фокIадэм (сентябрым) и 22-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр илъэси 8 - 14, илъэс 15 - 18, илъэс 18 - 21-рэ хъуэхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщынущ.

ЕджапIэм къекIуалIэхэр бжьыхьэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэлъэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур илъэс 30-кIэ США-м егъэджакIуэу щыIащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщIэхэрщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

● КъБР-м и прокуратурэм

ХэщIыныгъэу сом мелуани 9,6-рэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Мазхуэ Артур Iэ щIидзащ Ало Мырбэч хуэгъэзауэ къаIэта уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар ягъэкIуэнщэ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуэ щIэпсыкъагъэ зэрилъжьам папщIэ.

СЛЕДТЭЗМ къызэрихутамкIэ, «Бонни» ООО-м и унафэщI къалэныр щрихьэкIым, ищэм дыщIигъуэ уасэм техъэ налогыр декларацэкIэ къимыгъэлъагъуэу, 2011 гъэм и 2-нэ, 3-нэ, 4-нэ кварталхэм къриубыдэу сом мелуани 6,6-м нэблагъэ щIиуфащ. КъищынэмыщIауэ, нэхъ къыззэригъэкIыу тралъхъэ налогым хуэдэуи сом мелуаницым щIигъу а илъэс дыдэм щIихъумащ. Псори зэхэту сом мелуани 9,6-рэ къэралым хэщIныгъэу иратащ.

Зэрагъэкъуанэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн папщIэ, уголовнэ Iуэхур Май район судым иратащ.

Ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжын папщIэ

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм къипщытащ муниципальнэ пщалъэхэр зэрагъэзащIэ, муниципальнэ Iуэхухъьабзэхэр зэрызэфIагъэкI административнэ регламентхэр щагъэхьэзырыжьэ икIи къыщащтэкIэ, куейм и щIипIэ администрацэр коррупцэм пэщIэтыныкмкIэ законодательствэм зэрытетыр.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭМ къызэригъэлъагъуамкIэ, муниципальнэ пщалъэхэр зэрагъэзащIэ (муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр зэрызэфIагъэкI) административнэ регламентхэр зэрагъэхьэзыр икIи къызэращтэ щыкIэр 2010 гъэм мазаем и 8-м Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIипIэ администрацэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэ №444-мкIэ ягъэуващ.

Административнэ регламентхэр зэрагъэзащIэ, зэрызэхуагъакIуэ, къызэращтэ щыкIэр а унафэм и ещанэ Iыхьэм егъэбелджэным. Абы ипкъ иткIэ, щIипIэ администрацэм и къудамэхэм я къалэнщ административнэ регламентхэм я проектым зэрелэжьам теуха хъыбарымрэ езы проектымрэ къытрагъэдэзэну, Интернетым щаIэ официальнэ сайтым щызэбграгъэхьну.

«Сарай, муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр къызэрызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыдэкIа Федеральнэ закон №210-ФЗ-м къызэрихъэлIуам тету я хабзэр ягъэуващ.

Коррупцэ нэщэнэхэм зэрызэхэкIыр зэхигъэкIын мурадкIэ, Административнэ регламентхэм я проектиплI район прокуратурэм къыпщытати, хабзэм къемызэгъ ныкъусаныгъэхэр къыхутащ. Къапщтэмэ, зи гугъу тщIы Административнэ регламентхэм я проектхэр зэрагъэзэхьэзырым теухуа хъыбархэмрэ езы проектхэмрэ щIипIэ администрацэм и www.zo.admkbr.ru официальнэ сайтым щагъэтакъым. АрдыдэмкIи Административнэ регламентым я проектхэр зэрагъэзэхьэзырым теухуа хъыбархэм, езы проектхэм зыхагъэгъуэзэныкмкIэ, я Iуэху еплъыкIэхэр къыгурыIуэнымкIэ щIыхь щыхэхуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ щIипIэ администрацэм и Iэтащхьэм и щIэкIэ ятхащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩIэныгъэ зэрыщIэжым папщIэ

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм къипщытащ муниципальнэ пщалъэхэр зэрагъэзащIэ, муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр зэрызэфIагъэкI административнэ регламентхэр щагъэхьэзырыжьэ икIи къыщащтэкIэ, куейм и щIипIэ администрацэр коррупцэм пэщIэтыныкмкIэ законодательствэм зэрытетыр.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭМ къызэригъэлъагъуамкIэ, муниципальнэ пщалъэхэр зэрагъэзащIэ (муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр зэрызэфIагъэкI) административнэ регламентхэр зэрагъэхьэзырыжьэ икIи къызэращтэ щыкIэр 2010 гъэм мазаем и 8-м Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIипIэ администрацэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэ №444-мкIэ ягъэуващ.

Административнэ регламентхэр зэрагъэзащIэ, зэрызэхуагъакIуэ, къызэращтэ щыкIэр а унафэм и ещанэ Iыхьэм егъэбелджэным. Абы ипкъ иткIэ, щIипIэ администрацэм и къудамэхэм я къалэнщ административнэ регламентхэм я проектым зэрелэжьам теуха хъыбарымрэ езы проектымрэ къытрагъэдэзэну, Интернетым щаIэ официальнэ сайтым щызэбграгъэхьну.

«Сарай, муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр къызэрызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къыдэкIа Федеральнэ закон №210-ФЗ-м къызэрихъэлIуам тету я хабзэр ягъэуващ.

Коррупцэ нэщэнэхэм зэрызэхэкIыр зэхигъэкIын мурадкIэ, Административнэ регламентхэм я проектиплI район прокуратурэм къыпщытати, хабзэм къемызэгъ ныкъусаныгъэхэр къыхутащ. Къапщтэмэ, зи гугъу тщIы Административнэ регламентхэм я проектхэр зэрагъэзэхьэзырым теухуа хъыбархэмрэ езы проектхэмрэ щIипIэ администрацэм и Iэтащхьэм и щIэкIэ ятхащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Жьэхlэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэдэIуэтэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьэныкмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхутыгъуэхэм я пэжагьымкIэ ахэр зытехъэм ящу жэуап ахъ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьиныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Жьэхlэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инир** *(1, 2-нэ)*, **Щоджэн Замрэ** *(3, 4-нэ)*. *Компьютерхэм газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.626 ● Заказ №2106